

AHOENAN

markeun koe Tjabang Pasoendan-Tasikmalaja.

Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan M. G. Kartaatmadja Tjiamis. Diawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

Redaktoer: TISNA SENDJAJA SIM WINATA Redaktoer di Batawi: DERIADIRADJA.

Directie: Bestuur, Pasoendan Tasikmalaja Administrateur: K. MARTAKOESOEMA.

Langsaos ADVERTENTIE: 1/16 katja f 2,- 1/22 " f 1,25 Sakali moeat. Laagganan langkoeng mirah.

ueurna mah. Nanging koe rculair tea malendoer sieun ma'loem ngareret ka peng-bodjo oeroeseun; mangkaning etos anoe sakiu sesabna nji-ti.

bea pagawe Goevernement ditotal digeungeureuhkeun. sakitoe ge apu seneueurna ledempes taedihawoe. Komo isungsieunan nja noe dilepas ah, sanes ngadedempes bae, wa . . . naon mah.

nes. Da anoe sieuneun teh n". tjunto anoe djogo, jen anoe h teu ditanja heula henteu ktioe pikou ngadjawab heu-toedohan ti loehoer.

nuana: I Teu djadi bae ngapakoempoelan anoe njabet-na politik.

ne jurantos araja pnes-pes II. Bistirna ditinggalkou mati keuheul bae. inimbang ng koe mangkel, anggoor ang sendiri" bae.

man "leden" kiesmannen bilih pendeun. Toekang pitos katingal, noe lesing geus ping koeping; anoe katingal anoe dipikaserab moeng Wadana, dirj Assistent.

a maksoedna robahan Pa-n aujar teh? nere djalan kana miloe ngagara. Tapi naha djelema-noe saajeuna (ditempat-dije aralit) dihalangan (tiasa nu kitoe maksoedna) atawa oempatennana.

je aja. bahan pikou miloe ana hal marentah ugoeroe a babakoena pagawean Gou-(di tempat alit). i eta saena eta Circulair et soepados oenggal djelema bahanna sareng kadaekna toon kana djalan poelitik ike plicht nagara Nederland India teh Rijk-maken ngakeun marentah sorangan.

tkoe, soegan! A. S. atawa huishoudelijk ver- Red.

Critiek.

Ieu ketjap, sanadjan lain ketjap Soenda, tapi sizana geus ngadjadi sabiwir hidji di bangsa orang, da boek-tina ilahar pisan dipake dina sagala roepa noe teu paoedjoe, oepmana bae: keun rek dikiritik. Tjoba nepi ka dirarangkennan di sagala roepa. Ari ketjap Soendana mah soegan panjawad, ketjap pagaweanana njawad. Koe lantaran ieu ketjap asing geus biasa dipake, ajeuna ieu ketjap rek ter-es dipake.

Critiek teh perloe dina sagala roepa koedoe aja. Oepama oerang nendjo naon bae atawa matja naon bae dina djero hate mah oerang teh koedoe inikir na euja eta teh bener, na euja eta teh aloes. Oelah ieu mah koe lantaran tje djelema rea aloes, miloe oer njeboet aloes. koe lantaran deug-eu, ngaleuwihan bener, miloe bae njeboet soemoehoer leres, atawa paling paoedjoel, njeboet: sadaja-daja ngiringan. Djadi critiek teh dina djero ati sanoebari koedoe aja. Tah ajeuna critiek teh aja noe dikedalkou djung aja noe hanteu. Ningga g di djelema noe b rangan critiek teh kadjeun teuing moedegdeg benteung da sieun ngedalkou heurin koe letah tea tawar rea-rea deui noe djadi halangan.

Tapi moeng-e-hing djelema noe berbodei, noe boga tabeat ngadek sa-tjekna ulas saplasia, oepama nendjo naon bae noe teu adil, noe teu pantes, tara ngiloengon, pikiran tara gegendeng di toekangeun, tara soempot sa'indoeng. tpi waktja balaka sarta njeboet, t h eta teh salah, kieu b-nerua, badi duambahan; tje pikiran koering sot-h. enz. Eta tjenah heurin koe letah, ateh ari bisa noe-hs mah diadjar diadjar noeliskeu pikiran, toeloj diaspekkeu kana suerat kabar. Tapi dina neritik teh tangloe bae, koedoe make doedoege perjaga, koedoe make pikiran sebat, oelah ka-bawa koe u a p s o e, djadi tje kolot mah: noe rek diteliskeun atawa di-omongkeun t h koedoe dibeuweung dioetahkeun heula. Oelah pisan dina ngiritik make omongan omongan noe kasar, noe matak pikanjerieno hate batoer.

Rea noe njangka jen djelema noe njawad-eh, ngiritik-tee, ngewa atawa sirik ka noe dijawad, d kritiek Ah ieu mah koemah kritikna noe. Ngan oepama rek ngiritik kabawa koe ngewa, ngewa ka noe ngadjalankeunana eta pagawean, atawa ngewa ka siha bae, tah eta mah lain critiek noe saenjana; djadi lemah dinja mah, leuwih hade rapetkeun bae biwir handap djeung biwir loehoer. Oepama rek ngiritik teh, djadi koedoe rea pisan noe diingetkeun nja eta ngingetkeun kana kaperloeon djelema rea, kaperloeon oemoem, tje-nah, tje omongan djaman ajeuna mah. Tapi ari koedoe keur kaperloeon oemoem noe saenjana-enjana pisan mah, hese neanganana. Rea pisan noe makena omongan kaperloeon oemoem salah, pibeuneunana kaperloeon golongau, (groepsbelang). Djadi oepama rek ngiritik hidji perkara teh koedoe ngingetkeun paling tompor oge kana kaperloeon golongan, oepamana golongan bangsa noe miskin, noe enz.

Dina kritiek sabisa-bisa oelah ngan asal bisa njawad bae, tapi nja eta djeung koedoe bisa mere akal, koemaha pihadeunananana nja eta noe diseboet opbouwende kritiek tea. Oelah ngan bisa njarekan ngaboerak noe keur didjeteun, tapi teu bisa ngadeg-keun deui (afrekende critiek).

Sawareh djelema sieun pisan koe kritiek di hareupeun djelema rea (openbaar). Eta noe kitoe tje koering

Ti pipir hawoe.

Hihhh, eta mah hileud sisanang-keup iiiiijji matak koekoerajeun.

Maloem hileud tea bae matak gila, matak dapat "koelit ajam", keur mah djahat, rampoes, lah mani beak, sagala roepa teu kaer djadi, beak koe mantenna. Mangkaniag leutik-leutik oge, kawantoe "Sinsnangkeup tea," geura eta boelos denkeut soengotna (m en di djelema mah meureun koemisna) mani jentik, kawas loebang. Hihhh gila deui, eta mah hileud teh! Tapi pangdjabatna hileud teh ari geus ngahihleudan, ngahihleudan sagala roepa, ngasoet ngasoet noe tep peregoh, noe salah diseboetkeun bener, noe bener diseboetkeun salah. Hileud tea bae, hileud hajang sadaoendaoneun. Ihhhh hileud oge ieu mah hileud loear biasa; hileud noe bisa ngahihleudan da hileud biasa mah henteu. Katoeroeg-toeroeg ngahihleudanana teh djahat katjifa, teu wani adoe hareupan mah, ngan ngahihleudan bae; atoe-atoeul njeboetkeun batoer djahat, batoer goreng, ngan abdi noe pang . . . pang . . . Ambeu! Moen-moen tjan ngoembar! siga noe heueuh meret koemis tang-gah barina soesoembar. . . . toekangeun, "Liallah, loe nanti!" Tapi ari diasong-keun ka medan teu saketjap-ketjap atjan, ma'loem hileud tea bae biasana ngan barang toeng sareng ngahihleudan.

Heuheuj, oelah denkeut denkeut, hileud! ka ditoe bae ka Sabrang ka Palembang

Mangga sing wareg hileud, geura harangloeang kang etjo-etjo kang hipoe-hipoe sareng ngahihleudan noen.

Gelentoe.

(*)

mah salah. Saha noe lempeng, noe ngadjalankeunana sagala roepa perkara reudjeung kajakinan (overtuiging) teu koedoe sieun koe critiek. Boga noe ngritikna noe salah.

Ten aja perloeana oepama oerang ambek atawa keuheul ka djelema noe ngiritik kana lalampahan oerang. Baa euja maksoedna eta noe ngiritik teh njaah ka oerang, hajang ngelingan. Atoeh oepama oerang ambek, ngoen-ngoenek ka noe boga maksoed hade ka oerang mah, oerang teh ta-tjan beunang diasaktheun kana golong-an manoesa, da sato oge sawareh mah tara mergasa noe teu boga mak-soed goreng atawa djahat ka mane-hanana.

Geuning djelema noe palinter mah batan ngewa mah ka noe ngiritik, malah mikaresep. Nja eta lantaran ngi-ngetkeun manoesa, ari manoesa teh tempatna kaloeloepotan, dina sagala roepana aja bae salahna. Di Nederland mah toean A Kuyper marhoem Leider Anti Revolutionnaire partij n'rah ka partijna soepaja dikoempoelkeun gambar-gambar noe maksoedna, ngritik ka manehana, nepi ka gambar-gambar caricatur (loeloetjon) noe maksoedna njawad ka manehna diboe-koekou. Tah sakitoe madjoena batoer mah, nepi ka gambar critiek diboekekeun.

Tah, noe matak oerang oelah bae ambek atawa keuheul, oepama aja critiek ka badan oerang? Geuning dina basa Walanda mah: "Wie onbesproken wil worden, moet ongeboeren blijven". Soendana mah soegan: Saha saha noe emboeng diomongkeun koe-doe oelah didjoerkeun.

Eks.

(*)

Koropak.

Djrg. S. d. H. Semarang.
Ari ter dikoreksi onaman pirakoe! Sip. no. eta memeh dikaloerkeun oge koe Chef drukkerij parantos disebatkeun seueur lepatna.

Moedah-moedahan ka pajoen woewoeh saena. Ari „Soenda ngoembara” teh tjios bade didamel tjab. Paoendan tea, sapertos noe koe djsim koering parantos kakoepeing?

Sami noehoenna oepami jaktos, da kapengker oge weweg teu kinten Tjab. Semarang teh.

Oerang desa.

Atjan tiassa dimoeat oerang kotektak heula. Hal artos bank Paroekoenan keur dioeroea.

Oerang Bogor.

Hal Sambong Hiir keur dibarempoegkeun sareng noe wadjab ngoeroea.

Kiesman bingoen.

Engke deui tong dipake bingoen milih milih bae. Milih teh koedoe noe kira-kira pibisaean ngadjalankeun kawadjabana djeung noe sapagodod djeung oerang pikiranana, kabagajuna Tjindekna noe saihwan.

Djeimana mah saka bae; rek menak, rek tjatjah, euweuh halanganana. Harawos, ari teu sapatotos tong didenge.

Lamoen oerang resep nambahan ka beurat desa koedoe noe kira-kira resep nambahan. Moen hajang dikoea ugan koedoe ngawakileun ka noe kira-kira hajang ngoerangan deuih Noe milih djeung noe dipilih koedoe djadi saaleutan. Oelah patonggong-tonggong.

Ka noe ngintoen karangan.
Djeungan sareng padamelau kitoe deui tempat kedah diserat, nadjan ngauggo nguran palseo. Perloe keur redaksi dimana aja taroskeun.

Pangwaler.

Ieu toelisan koering di handap, ngiras ngawaler S. B. T. Sipatahoenan No 15. Oepamina bae kieu, padjeg tanah di desa Bandar djoemblahua f 2000, aja di oerang Kaboemen, Maos, Madjenang f 500.

Pansioenan, Menak³ parenanana f 500
Priboemi f 1000.

Heerendienst f 500.
Ieu padjeg sirah f 500 oepama digaudonkeun, ka oerang priboemi woengkoel f 500 kana f 1000, ninggang padjeg tanah f 1—sirahua f 0.50. tapi lamoen diindoengkeun, kana padjeg tanah kabeh, f 2000. meureun nitih f 1—padjeg tanah, f 0.25 padjeg sirah. Lain senang meuseun? Mangga gaili! Lamoen ieu aoteran Heerendienst dirobah, nja kabeh oge robah, lain siksik melik, tapi oelah litjik; kitoe deui koering toemaros; koemaha eta padjeg tanah, oerang Kaboemen, Maos, Madjenang pere bae? Naha geuning kitoe, kapau sami boga tanah boga sirah, djeung lamoen dikirim ka Kaboemen tangtue moai narima, da manehna geus dipadjeg-sirah di Kaboemen, ngau aoteran beda djeung di dieu. Aloes! Aloes! jaja! malar gampang, bongon deuih make diindoengindoeng kitoe, nja kapaksa Pansioenan oge koedoe keuna koe padjeg sirah Robah hidji robah kabeh. Manah deui, oepama bae bapa Saka, Heerendienst Bandar, boga tanah di Kalipoetjang padjeg tanahua f 20. Di ieu desa padjeg sirahua f 0,60 tah koemaha ngoeroena! Lamoen noeroet di Bandar aja 20x0,95=f 19— teu oemoem da tanahua di Kalipoetjang, barkatna oge Kalipoetjang; tjek koering teu adil.

Lamoen ditoeang 20x0,60 cent = f 12— teroes ti Kalipoetjang dikirim ka Bandar, oge teu adil, meureun djadi padjeg sirah doea kali. Mangga! mangga! kromaha adilna?

Perkara pangasilan kapala desa, teu koedoe dijawab padjang „Bengan bae dsak” sabab eta aoteran saperti noe djoel-bentii, oepama Loerah menta gadjih f 100; tjek koering teu bisa, lamoen kersa f 50, seug, lamoen teu kersa kadjeun, rek neangan oepa djadi Loerah. Pirakoe f 15— dsak, f 50 emboeng. Oge Loerah meunang menta gadjih f 500; lamoen somahna sareka tangtue wani majar! Oge oelah inget kapala desa bae noe koedoe pere gawe teh, da baehula uah aja aoteran somah djempo. Tjik di desa Sitoebatoe oepamana aja somah djempo? Paling oentoeng disompiangan koe Djoeragan Koewoena bari pokna kieu, „Bapa Tian; Bapa teh geus pikoen, tanah teh bikenan bae ka baroedak, da engke oge moal keur saha.” Nja tangtue ngagoego.

Toeloj dibagikeun ta anak 4, atoech lain djempo malah djadi 4x sa anoe Aeh aoe neken S. B. T. make njeboet: „pirakoe menak teu karoenjaeuu ka pansioenan Meresot pansioenan Golougan, make diere padjeg geloeng (pansioenan Loerah kitoe)?

Hm! hm! teu koedoe menta djipikaroenja, da disiboetna oge padjeg sirah, nja keuna ka noe boga sirah noe boga tanah. Teroes terang, pikeun koering teu hajang dipikaroenja koe Menak atawa koe Kangdjeng Gouvernment teh, ngan hajang dibere adil, masing adil, djeung teu bakal moengpaug, kana sakabeh kawadjaban koering asal adil, oelah nepi ka ti loehoer dititah njoesoet tjileuh ari boektina dititah njetjewokan. Oepamina kieu soteh, hener pisan koering njoehoekun leungitna padjeg Heerendienst, tapi lain rek ngaleungitkeun kaentoeangan Kangdjeng Gouvernment, ngan soegan bae, sanggeus leungit padjeg Heerendienst, diganti koe padjeg sedjen, sarta samemehna dibadamikeun heula djeung somah noe baris nanggoeng eta padjeg, sarta masing kabarta, soepaja narimana kalawan bersih ati, oelah saperti ajeuna, djebet diindoengkeun kana tanah, ari ditaroskeun ka Menak, dawoehanana eta mah aoteran desa, toengtoengna patoeding-toeding. Oepamana bae andjeun Loerah, daek disiboet mawa karep sorangan? toer hiroep ti oerang desa, didjieun koe somah?

Wassalam

Hardjoproewita.

Bandjar 5 October 1925.

Bang desa.

Disoehoekun tawakoepea Djrg. Redactie, Djrg. A. S. sareng Djrg. Langganau No. 147, ieu djsim koering bade ngadadarkeun pamendak pribados hal bang desa.

Dinten Ahad endjing-endjing djsim koering matja „Sipatahoenan” No. 13 di dapoer bari njeunet ngabangbrangkeun tiris isoeck-isoeck (boeboehan di Garoet tempat tiris).

Ti mimiti pisan dibatja, barang doegi kana lebah „Woeker” teroes „Pamanggihna oerang lemboer” hal „bang desa”, djsim koering rada ngarandeg matjana malah rada ngahoeleng, mikiran eta karangan bari njeuseup odoed, malah ladjeung eta „Woeker” sareng saladjengna dibatja deui, diabolak-balik. Nanging aneh bet pikiran djsim koering teu daekun ngarti kana eta karangan teh, doeka djsim koering bae anoe „bodo”, doeka karangan anoe „ngatji” atana pi bisa djadi koelantaran pamanggihna noe henteu sami, da loeboehan henteu satempat tea toer djalma mah kapan djoeldel tara sapagodod emotan. Soemawonten ningal panjamboeng Djoeragan Redactie mah, ka-oenggel rentena bang desa 1200/0 sareng bang desa „oelah diajakeun”, eta mah beuki komo teu ngartoma Ari margina koe etangan djsim koering mah dina 11 Minggoe teh noe pangageungna ngan 100/0 djadi dina saboelan mah moeng 41,2/0 (kitoe oge, ieu mah oepami bang desana anoe nembadiadegkeun), oepami bang desa anoe parantos sataoan mah rentena ditoe-roenkeun 7/0 doegi ka 60/0 dina 11 Minggoe, malah di desa djsim koering mah rentena parantos di toeroenkeun 60/0 dina 11 Minggoe teh; noemoetkeun katrangan Djoeragan Loerah mah, samangka bang desa kakajana-na parantos 1x modal, tjena, rentena 60/0, nja boektina di desa djsim koering mah parantos 60/0 rentena.

Djadi sadajana djalmi-djalma di desa djsim koering mah aratoheun diajangan bang desa teh, tjena ngeunah euteng karasana, margi djalma noe namboet teh noeroetkeun kana perdjangdjanana bang desa.

Kitoe deui djsim koering rada seuri koneng, ningal karangan Djrg. Langganau No. 147, njaerkeun, jen dina dintenan boeka bang desa sok raboel „golougan” nginder ngahian bang desa ka Kampoeng” malah wengianana piwoekaneun boeka bang desa sok „seueur anoe kapalingan hajam”. Beu ieu mah moetoeh, hidji tanda pangeudi desa eta, djalmna toekang rgindjeum, koerang satia kana perdjangdjanana eta bang desa; da ari moenggoeh di desa djsim koering mah djam 8 isoeck-isoeck teh parantos raboel noe malajar, djam 10 teh parantos beres noe malajar, tara koedoe ditagihan ka Kampoeng.

Malah tina panasaran pisan hajang

terang aoterannana bang desa, ladjeung djsim koering toemaros ka Djrg. Loerahna, andjeunna nembongkeun reglement (oendang-oendangna) eta bang desa, ladjeung koe djsim koering dibatja, di dinja kaenggel (dibabaja perloena bae): goenana bang desa teh, pikeun noeloeug djalma-djalma pangeusi desana anoe boetoech pikeun modal dagang sareng sanes-sanes kaperloenan anoe ngadjadikeun kaentoeangan.

Noemoetkeun maksadna ieu ketjap, sidik pisan, jen noe „ngindjeum doeit teh woengkoel pikeun modal anoe ngadjalankeun kaentoeangan tea, sarta koedoe njoemponan kana perdjangdjanana bang desa.

Noe karaos koe djsim koering pribados ari njoemponan mah kana sa-koemaha maksadna bang desa, doei-na beunang ngindjeum teh dipake modal dagang anoe saenjana, nja teu woedoe bae aja hasilna, sarta majarna oge tara tjidre, margi rasa djsim koering ieu bang desa teh bogana desa, anoe matak djsim koering goemati kana sagala aoteran bang desa. Ajeuna oge boekti goenana bang desa pikeun desa, nja eta samemeh aja bang desa mah „bale desa” di desa djsim koering katjida boetoech, barang ajeuna parantos aja bang desa Minggoean, hale desa teh ginding agreng-ageung, malah ti handapna oge make „tegel”, eta teh dibantoe koe artos bang desa, margi kakajaan bersih bang desana parantos langkoeng tina Reservofonus, nja salangkoengna dipasrahkeun ka desa, malah rentena oge 60/0. Toeh geuning oepami henteu ditoeleug koe bang desa mah meureun kapaksa oeronaan koe sada-sa. Komo eta mah Djrg. Koewoe, katjida oentoengna. Rata-rata andjeunna woengkoel kenging gadjih ti bang desa f 25.— dina saban boelan teh, asa pirakoe Djrg.-djrg. koewoe henteu kersa ngamadjoekun bang desa anoe sakitoe ngoentoengkeunana ka arandjeunna!

Tapi ana henteu bener makna doeit, saperti anoe ditjaroskeun dina karangan „Djrg. Langganau No. 147” tangtue lain matak senang, tapi ngadjadikeun kababatan (kasakit), da nja eta henteu njoemponan kana maksadna bang desa. Oepamana si A ngindjeum doeit ti bang desa lobana f 20,— barang datang ka imahna, eta doeit lain dipake balantik, tapi dipake meuli samping bae, djadju, malhoegi ka awewe, dipake njandoeng bae, tangtue pisan barang manggih minggoe ka I teh ti mana bogana doeit keur majar, sok leuheung lamoen boga gadekeun, koemaha lamoen ieu euweuh ragap teu aja, ngindjeum ka babatoeran euweuh noe mertjaja, nja toeng-toengna mah maling hajam tea, da bonganna manehna salah makna doeit, henteu njoemponan kana kahajagna bang desa.

Geura Djrg. bae kagoengan hidji boedjang, toeloj koe Djrg. dimodalan f 50,— keur dagang leuleutikan (tahoe + sate, enz.), tapi eta si boedjang tea lain dagang, gawena doeit teh dipake pelesir, latjoer, meuli papakean aloes pakeunana, toeh ana dina waktoma koedoe majar ka Djrg. meureun eulengeug, sarta Djrg. oge meureun keubel ka djelema anoe koerang hade kalakoanana, meureun koe Djrg. ditjekl delegkeun ngah noe f 50,— tea, boh imahna didjoel, boh papakeana.

Komo deui bang desa, beh aja pangroesna, poegoeh tempatna, poegoeh aoterannana, toer digenggem koe Gouvernment.

Geura ari kieu mah, ngindjeum doeit ti bang desa f 20.— sadatang-datang ka imah, toeloj dibelikeun kana barang, boh kadaharan, kajauing dagang tahoe sate (lamoen di Kotta), hoi, bawang, loek enz. (lamoen di kampoeng) toeloj didjoel, tah asa pirakoe di djeu saminggoe teu boga bati.— tina modal f 20.—

Tjena bang desa beuratna ngalangkungan si Alahmanan, ieu koe tumbangan djsim koering asa sageug djelema-djelema teh beda kabeh, margi di desa djsim koering oge koerang leuwih reana noe ngarindjeum doeit ka bang desa 500 djelema, deui di sedjen desa oge tangtue rata-rata bae seueur; toeh kapan boekti meureun pang sakitoe seueurna oge, taja lian ngan koe ngarasa aja kasenanganana, da oepami ngarasa katjida beuratna mah (beurat alahbetan ngindjeum ti Tjina djeung ti Arab) meureun moal sakitoe lobana noe ngarindjeum.

Geura ibaratkeun kieu bae hidji djalan gede noe biasa diliwatan koe

djelema, tapi eta djalan pinoeh koe seuneu hoeroeng, tangtue pisan anoe ngaliwat teh njarimpang, moal enja njorang seuneu hoeroeng, da panas. Kitoe deui ieu bang desa, asa pirakoe ari enja mah beuratna (teu aja hasilna) diarindjeum bae doeitna, asa sageug dielema-djelema teh beda-beda teuing!!

Parantos bae sakieu houlaanan, sareng njoehoekun ka Djrg. Redactie, maparin tempat bade moeat ieu pihutoer, timpah noehoen ti awalna. Hoermatna toekang ngindjeum doeit bang desa.

ENAK.

C. O. I. L.

Maskape asoeransi C. O. I. L. tiloe parapatna mah geus bangkroet, tapi kamari koering meunang soerat post wissel deui, nagih doeit premie. Atoeh keur mah ajeuna sagala roepa soesah, maloe koering mah teu boga kebon karet atawa djadi pagawe kontrakan karet, keur hiroep koering djeung anak pamadjakan oge meh teu tjoekeop, ajeuna ditagih majar premie. Mending moen eutjeug onaman maskapena, da apaan geuning sakitoe roeksakna C. O. I. L. teh koe Direktoer noe maot Toean Verhoeve.

Ari gantina, koering mah lain ngahina lain naon, ngan teu pertjaja bae ka Bestuur djeung Direktoer noe ajeuna.

Geuning bareto matja dina Sip noe njawad kana prak-prakanana bestuur C. O. I. L. waktue vergadering Noe boga polis (verzekering) mah samasakali teu dibere soera. Bestuur djeung personeel moepakat moepakanaat bae koedoe kitoe. Si Anoe si Anoe noe djadi Bestuur, kitoe koedoe dijalankeun ana... geus... poctoes bae.

Ari ajeuna aja soerat ti C. O. I. L. ka noe geus asoeransi Djiwa, njeboetkeun, doeit noe geus dibajarkeun ka C. O. I. L. lapoer, oepama oerang teu ditoeleujeun majar premie.

Rada hemeng, ari teu dibajar, doeit noe geus dibajarkeun lapoer, ari majar, bisi saroea bae djeung mihape hajam ka heulang, nambahhan leuwih rea noe bakal lapoer tea. Koering asoep asoeransi soteh, lain pedah rea doeit atawa beunghar, doeit keur majar premie teh estoe meunang koerang dahar, misahkeun saeutik-eutikeun noe koe koering koedoe didahar.

Nja eta lantaran perloe bangsa oerang koedoe njengtjeleung saeutik-eutikeun, kadjeun teuing koerang njandang koerang pangan noe matak koering bareto njoba-njoba asoep ka C. O. I. L., pedah inspektorana bangsa oerang (Djawa) djeung aloes omonganana, njeboetkeun C. O. I. L. paling aloes dibandjeungeun djeung maskape noe sedjen.

Bangsa priboemi keur eungkeut-eungkeut dina perkara asoeransi rada madjoe rada pertjaja, ari ger kadjadian noe katjida matak njedihkeunana pikiran. Artos ratoesan reboe pada noeng nganggou djalan noe teu kinten saena, noe teu tiassa dihoekoem. Geuning bet kitoe noe palicter teh. Maskape asoeransi „Indonesia” oge bedjana rada ngalioeh ajeuna, ngan ieu mah teu tjara C. O. I. L. teuing.

Koe bangkroetna C. O. I. L. reboereboe oerang priboemi noe karoegian, da mah kabeh noe asoep asoeransi ka C. O. I. L. bangsa priboemi. Heran sareboe kali heran geuning Pamarentah ngantep bae kaajaan noe sakitoe gorengna. Ari Pamarentah teh lain koedoe ngad jaga, soepaja noe miskin (economische zwakken), oelah dipatjikeun, manging ieu bet diawas-awas, didedeungeunana teh teu aja pisan ngoeroeskeunana.

Koering gadoeh panoehoen ka Pamarentah, koemaha oepama C. O. I. L. ka hareup djadi gemengd bedrijf (maskape partikoelir djeung Goepere-men). Modalna saparo sewang, sate-ngali ti C. O. I. L. noe rek bangkroet pisan, sawareh deui ti Pamarentah.

Geuning Nutspaarbank di Soerabaja asana mah noe rek bangkroet toeloj ditoeleug koe Gemeente Soerabaja, nja eta didjadikeun Gemengd bedrijf partikoelir djeung Gemeente. Gemeente nanggoeng ka sakabeh djelema noe naundeun doeit di eta bank bakal moelangeun eta doeit. Na koemaha eta Gemeente Bandoeng teu bisa oepama noeroetan Gemeente Soerabaja? Ari bangkroet pisan mah

C. O. I. L. teh henteu, kantorna gede aja keneh, malah tjena boga keneh doeit noe diindjeumkeun diloesar kana hypotheek. Tjing oepami diparios eta koe accountant Gemeente atanapi accountant Pamarentah, njobi-njobi dilereskeun, ngemoetkeun kana kaperloenan oerang priboemi noe mariskin noe doeitna lapoer di C. O. I. L. Meureun oepama Pamarentah atawa Gemeente nanggoeng kana kaberesanana C. O. I. L. djelema djelema pada pertjaja deui ka C. O. I. L. sarta noe geus asoep asoeransi bakal toeloj majar premiona. Noematak C. O. I. L. moal bisa djalan deui teh, babakoena geus leungit kapertjajaan djelema rea. Koering geus euweuh kapertjajaan sabakatoel hiber, oepama C. O. I. L. henteu djadi gemengd bedrijf djeung Pamarentah, atawa Gemeente. Hatoer noehoen ka djoer. Redactie Sipatahoenan, oepami kersa ngalobetkeun ieu karangan sareng pamoeogi moegi kersa ngintoen Sip. salambar ka Directie C. O. I. L. di Bandoeng.

Hoermat

Noe karoegian.

Panjamboeng:
Lain bae djadi „Gemengd bedrijf” tapi bangsa bestuursleden noe katimbang teu beunang dipertjaja oge, noe bareto lelewodeh ngadjalankeun kawadjabana koedoe dilepas, ngingetkeun kaperloenan oemoem. Komo noe djadi Direktoerna, aloesna pisan mah oepama djadi Gemengd bedrijf teh. Direktoerna dibenoem koe Pamarentah.

H. B. Paoendan di Bandoeng: disoehoekun kamandangna ngoeroeskeun ieu perkawisi!

Red.

Njamboeng sareng moepoes.

Kapoengkoer djsim koering parantos njarioskeun perkawisi P. R. I. di Karangnoenggal, tina hal kamadjeunganana. Minangkana mah soerak, kadjoeroeng koe kabingahan. Wih di Karangnoenggal teh parantos sering njobi-njobi ngadamel perkempelan, moeng nja eta tara lana, rata-rata „boeroesoet toeloj”. Doepi ajeuna katingalna semoe-semoe bade hiroep, make aja hodjah kitoe tea. kieu tea kana oesaha. Koemaha henteu rek bingah; moenggoeh palebah djsim koering mah djelema heureut deuleu pondoh lengkah, „doesoen poegoeh-oerang kidoel, pobara ngaroes bingabna teh, koe asa kadjadian, soemoer katoeroeban njiroe” tjek baroedak tea mah doegi ka olab dina Sipatahoenan No 10.

Koe paningal djsim koering, noe ngan saeokoer ningal, noe mawi ajeuna perkempelan di Karangnoenggal ti asa aman, salamet doegi ka waktos ieu, doeka ari kapajoen mah, teu aja sanes djabi tina kategoehanana noe djadi bestuur. Doepi bestuurna ti kapoengkoer teu atjan „gentos-gentos, sakoemaha noe parantos ditjaroskeun. ti pajoen, nja eta:

Voorzitter M. Soedjaja Loerah desa Karangnoenggal.
Secretaris M. A. Soeratmadja Hulp-onderwijzer Karangnoenggal.

1e. Commissaris M. Soeharmawidjaja Hulp-onderwijzer Karangnoenggal.
2e. Commissaris M. Padmawinata Handelaar Karangnoenggal.

Thesaurier M. Tarwidikarta Handelaar Karangnoenggal.
Toko houder M. Wigenabrata Handelaar Karangnoenggal.

Sareng diwoewoeh jasana Rd. Poerwanagara djrg. Wadana Karangnoenggal anoe wening galih kersa mimpin eta perkempelan dina sanis kantenna.

Malah waktos ieu, koe roemodjongna sadaja bestuur, parantos ngadamel tjabang sareng toko P. R. I. di onderdistrict Bantarkalong.

Doepi margina pang djsim koering koemawantoe tjemarios kitoe-kitoe hal perkempelan di Karangnoenggal (P. R. I. sareng O. C. K.) dina serat kabar. sanes pisan-pisan angkoeh, adigoeng-koemaloengkoeng atanapi midamel „ieu aing,” tobat, sanes ka dinja maksadna.

Doepi noe dimaksad teh, moedah moedahan djadi panarik ka sasami oerang sisi noe masih keneh ngoekoehan kana tjatjandran.

„Oelah leumpang sasambajan, barang beuli papatoengan”, tea.
Tjah, kitoe noe dimaksad teh!
Djabi ti eta, sakalian ngawaler kasoerannana djrg. „Kamkam” dina Si-

(ladjengna katja ka 3)

patahoenan No. 15 Aug. 6 Oct. 1925
Pinten pinten kabingahan, reh djoeragan djoeragan prantos maparm pidoa kana kamoeloesanana toko P. R. J. estoe kusochoen, kateda kulngga moerda, mewang eta noe diteda.

Moegi moegi Goesti Maha Soeti ngabocikoun kana pidoe'a djoeragan. Perkawis djoeragan njarioskeun ka teu panoedjoe gulih wreth djoem koering ngadongengkeun kaentoengen autobus, eta oge ditampi koe ati soeti, malah nochoen kersa ngageuing, margi juktos kaleuwihan, tina mabok koe kabingahan tea, doegi ka teu ngamos jen madjoe kana lombang. Mengguh noe saleresna, manahoreng teu benten sareng dongeng monjet noe manggulaheun tjoe sakadang koeja tea. rrasaan mah-kolja teh pinoch koe tjoe, gadjleng loentjat ba ri soeka boengh rek moeka kaentoengan, ana bel, bet kosong sihorong kodjana boenghas, molongu teu kutja hoan. Doepi margina, sakoemaha saor djoeragan Reclateur tea bae, jen sajaktoesa eta teh, teu atjan di af schrijving."

Namoenng sakitoe deui, teu weleh ari patieda mah, disochoenkeun pidoe ana sadaja para mitra, moegi moegi oelah doegi ngalamot tjoeboek, soemawonten doegi ka sirta mah, doeh, palias!

S. A.

Kahatoer djr. Prawoto Hotel Islamiah.

Sakali ieu bae koering bade ngawalon ka djoeragan Prawoto dina S. P. no. 12.

Dina karangan koering perkawis Raad Kaboepten, Sipatahoenan No. 6, njempad djoeragan Mangoen teh, sanes njempad rokesna, namoenng dina sering teuing nganoeloenkeunana, da ari nganoeloenkeun ka anoe narawis serat rokesna mah tjekap koe tali waktos narawis tea bae atanapi dina serat iderannana; tjubi tingalian deui Sipatahoenan No. 6 teh sing nepi ka pidjerna djoeragan Prawoto djoeragan Hardjo!, malah sajaktoesa mah henteu kedah-kedah atjan di noeloenkeun oge da kawadjiannana maparin retirade teh, margi kal artosna koe koering mah ketjap, NOE-HOEN mistina danggo, piketun kana perkara anoe henteu koedoe merena ka oerang, ari anoe koedoe mah saperti oerang meuli koeda anoe ngadjoel koeda mere tumbang keur noentoenna, anoe meuli laeok tjai koedoe dibere tali keur niir s. dj. t. Dina merena taubang sareng tali tea, asa sae teuing oepami koe oerang di noeloenkeun teh, sanadjan pang merena koe dipenta heula oge, dina henteu merena aja huk oerang ngamah-naha, Tapi bisa djadi pangna henteu mere retirade teh dimanah koe pangoroesa eta tram, henteu perloe, sakoemaha sangkaan koering; noemiwi nyangka kitoe, margi koering sanes oerang Bandjar atanapi Parigi djadi tjarang toempak eta tram, kawoewoh dina keur radjeun toem pak teh h. utu ngalamoen-lamoen atjan kana ajana retirade da tjageur beuteung, teu ningal teu ngoeping teu njangka-njangka atjan kana ajana kadjadian noe ninggulkeun manel-atanapi tigebroes kana tjai lantaran hangng mijuun.

Koering henteu kenging dimoestahikeun teu ngoeping, dipirakoekeun teu ningal sareng teu ngarasa ka ajannana eta tram koe djoeragan Prawoto, tiasa tjarang toempak tea, ajena koe anoe sering wara wira, kpendak boetoelna koe eta retirade, pirakoe bae oepami teu maparin teh sarta djeung samporna nganggo tjai da sanes domba, tjenal meper bae ateh! panoeloen bae da teu galib di oerang pribomei mah, teu koeat nahan kareunang. Ajeum bade ngawangsoelan deui perkawis njempad tea, eta njempad nganoeloenkeun teh sanes bidjil tina hute sirik-pidik pasak moenapek; sakoemaha sangkaan djoeragan. Mengoen, namoenng estoe loeloetou pedah sareng sobat tea, teu nyangka ajena djoeragan Mangoen anjar-anjar kagoengan panganggo... teu kaapan, barina ge bade sirik pidik pasak moenapek tina djala haon! pedah kagoengan retiradel, pirakoe, pedah bakal djadi lidj moestahil, sanes sirik pidik tapi soekoer, peupuriheun koering moel tiasa tina samporet koe sarat nja eta pangarti tea, kitoe margina pang nolak dieandidaatkeun teh, sanadjan dimoestahikeun teu bisa, sarta dialemp pinter oge koe djoeragan Prawoto,

tapi da tara pinter koe dialem, tara djadi djago koe dijlo, ngan matak beukuh troeng, sabalikna matak beureun djawer, lamoen kitoeing teh ngamankoen. Aeh poenten djoeragan Prawoto! koering katalandjoer noelis, njoeloenkeun soepaja reactie (kaom hedjo) dibasmi, oelah kajinan da koering mah henteu noedjoehidji djalmi, peupudjeuh oelah bendoe kol. Partij koering diseboetkeun partij mahiwal oge sawios, ari koe djoeragan Prawoto mah, moeng mi-hape bae rajat Hindia dipiwarang sina marudjoe sing nepi ka djadi djalmi weuteuhan. Kleur koering bodas ngan katjeretan mangsi beureun, djoeragan Prawoto, saeutik, da teleb teuing ngantjlonkeunana pena, geus bae koering ngadolehan tabeat anjar, oepami hangng dahar diasongen labab teh tara di tampa da sok ngagaranggam, bade ihtiar sangoe bae manawi manggih, namoenng sanes koe margi koering koemimis djoeragan Prawoto! Perkawis di mana aja actie reactie dutang, memang kitoe, anoe mawi njoeloenkeun ditangtjoeangan oge anoe djadi actie teh oepami juktos rajat Hindia kedah madjoe, namoenng oepami henteu ditangtjoeangan actiena, sawios asal reactiena koe djoeragan Prawoto oelah di kodjoan. Sakitoe bae panginten tjekap.

Wassalam
Emek H. Badri.

Panoetoepe:
Noe dipake pariboetan kawas ruda kutjeler teher; leungit tangkal tinggal regang. Naon anoe dipureboetkeun? Tjiek koering sareatua. lain hakekatna.

(Ladjengna katja ka 4).

Bade Medal.

Zak Almenak taoen 1926, dipapaesan koe potretna p. a. m. Kdj. dipati Wiratanoeingrat Kdj. Dalem Tasikmalaja, kom-pit sareng tjariosanana ti nemb-be ditabarkeun doegi ka ajenua. Sareng babad Soekapoera ti djaman Radia Medangkameljan Praboe Bandjarasari ka 1. doegi ka Kdj. Dalem ajenua Kdj. Boepati Soekapoera ka 15. Sareng roa-roa deui anoe baris mangpaat ka soegri anoe mans.

Mangga geura pesen ti ajenua bilih sepeuu sapertos taoen pnoengkoer.
Para djoeragan soedagar!! Patoeangan!!! sareng sanes sanesna!!! Mangga geura moendoe letet Advertentie dina Zak Almenak anoe bade medal taoen 1926, ditanggal hasil maksad, toer ongkosna ditanggal mirah. Serat-serat Pesenan Almenak sareng moendoe letet Advertentie kenging ka R. H. A. Cortobis Tjitapen 31 Tasikmalaja.

Anoe ngadjeung
Caloenggoeng
Drukkerij.

HEALTH IS BETTER THAN WEALTH

Inja Allah tanggoeng baik dan mandjoer obat obat dari Hindoestan.

Noe nawis di handap leu nerangkeun ka para djoeragan sadaja, jen ajenua sim koering parantos moeka toko obat tiasa saniskanten panjawat. Mamah ka noe sanes mangga tjarobian heula ka sim koering atanapi bilih kirang mental ti noe sanes mangga suemping ka toko obat simkoering, nanggael dirawat sate sareng njenangkeun. Nanggael teu kedah dibelek (operatie) sim koering tiasa ngadamangkeun saniskanten kasawat anoe mateni.

Ka anoe kirang mampoe asal aja katrangan ti djr. Wadana atawa Controleur, tiasa kenging landong pertjoemah. Salamua njajagikeun landong koe djalan Tombours.

Nampi panjaoer ka boemi anoe palaj diparios, kasawa koemaha bae.

Nami obat sareng harga.

1 Batoek mengi f 5.— 2 Batoek gangsa f 2.50 3 Batoek biasa f 1.— 4 Pegel linee f 2.50 5 Sakit mata f 1.— 6 Mata lamoe f 2.50 7 Sakit peroe f 1.— 8 Sakit kalingsir f 2.50 9 Sakit sakit badan f 2.50 10 Me-djen f 1.50 11 Salesma f 1.— 12 Sakit kapala f 1.— 13 Sakit tadjam f 1.50 14 Obat tjatjing f 1.— 15 Bisoel f 1.50 16 Penjakit koering f 2.— 17 Sakit seekalor f 2.— 18 Riout djangar f 1.50 19 oear kokoloteun f 1.50 20 haloes koelit f 1.50 21 pandjangkeun ramboet f 1.50 22 ngilangkeun ramboet f 1.— 23 obat gatel f 1.— 24 radang f 2.— 25 roepa roepa raleut f 2.50 26 oear payon beureun f 1.— 27 oear ngaberesihan f 1.— 28 njeri parindikan f 2.50 29 njeri gigir f 2.50 30 njeri sanoeke boekoe f 2.30 31 njeri oerat oerat f 2.50 32 kaligata f 2.— 33 njeri tjangkeng f 2.— 34 njeri tjenuh f 1.— 35 koerang sare f 1.50 36 seueul angen f 1.—

Obat bikin emoeek dan obat bikin koeroes ada sedia.
Otat penjakit jang djahat djahat sedia.

Hormatna

Toko Obat dari Hindoestan
FAZAL MOHAMAD
Stationsweg Tasikmalaja

N. B. Saja tida ada orang jang keliling, kalau maoe beli obat-obat datang sadja di Toko.

TOKO Universeel Agentschap NIC MULLER TASIKMALAJA Goenoengladoe No. 15 Telefoon No. 26.

Roepi roepi oear oearan sapertos:
Landong njeri boel
Landong soepados tiasa koelem
Pjl koeras manis
Landong paus anggoeun moerangkalih
Landong utjok
Saboen anggoeun kasawat koelit
Landong noe lembek salira soepados djagdjag

Landong gobgoj sareng meggi
Zalep boelao koneng sareng bodas
Kompa pinareup
Wedak roepi roepi
Pel njenjepan

Landong njeri kahampangan
Castor olie noe diboeingkoes
Creoline, Karbol
Kompa istri
Landong njeri beuteung tadjam
Oear kokoloteun
Landong angkeng
Kain karet No. 1.
Landong kiat ka...?
Landong kaktian moerangkalih soepados montok

Limoen pergasi
Landong paranti moeragkeun boeloe keleek
Oear raheut
Oear paranti dikoeramas
Oear toembila
Landong kaktian salira
Porbau porbanau. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain kain roepi roepi warui.
Model, moerah, aloes.
Mangga lebet ka toko.

Noe ngantos
Nic Muller.

40

TOKO en DRUKKERIJ

Pasoendan Tasikmalaja.

Nampi saniskanten padamelan, ngitjal wawatjan anoe pareuting anoe marodel, sapertos:

B. Lara Rama, kenging disebat poe-saka oerang dina dangding pasa sa-reng tjariosna, karangan R. Angga-brata Boedjangga Soenda f 0.65

Ardjoenawidjaja, penting eusia, basana, margalojoena f 1.—

Mintaraga Ardjoenawidjaja penting oelkeun f 0.50

Pergawa Pergiwati penting moel aja noe birenk f 0.35

Atoeran hal onwetrige Occupatie (tanah mentah teu sjah) f 0.25

Pangadjaran Agama Islam (pang-toeranana) f 0.35

Wet perboeroean f 0.60

Sadjarah Kangdjeng Nabi Moehamad f 0.50

perloe diaraos.

Noe pesen leuwih ti 3 boekoe oogkos vrij.

TOKO BOEKOE M. J. PRAWIRA WINATA. GROOTE LENGKONGWEG BANDOENG.

Basa Soenda.		Basa Malajoe	
Siti Rajati I. II. III.	f 0.70	Tiga orang panglima perang	f 2.50
Eulis Ajiib I. II.	" 0.75	Fikafat Hang Tocah	" 2.40
Pabrik Seuri	" 0.80	A zab dan sengsara	" 1.—
Bodor Iriwangsa	" 0.50	Seroepiah pokok ke Mekah	" 0.60
Sondjaja	" 0.20	Habis gelap terbitlah terang	" 2.50
Tjarita Aboenawas	" 0.30	Kapal Setan	" 2.—
Genoveva	" 1.—	Atlas ketjil Hindia Ned.	" 0.60
Kereng Pati	" 0.15	Dumont Ilmoes boemi	" 0.60
Djoeng Tati	" 0.25	Sedjar-b tanah Djawa I f 5' II	" 4.—
Nji Sarangkana	" 0.70	Atlas gambar-gambar	" 8.—
Wawasaan djeung alinditro	" 0.30	Kamoes ketjil	" 0.50
Damar Weelan	" 0.60	Alkalmatool chas	" 0.50
Aom boerej	" 1.—	Djalan ke barat I. II. III. IV. a	" 1.80
Sipat doea poeloej	" 0.80	Adji Wadji	" 0.30
Mintaraga	" 0.50	Oendang-oendang hoekoesman	" 2.50
Kale Bandoeng	" 0.50	Reglement Boemipoetra	" 7.—

Boekoe boekoe noe kasebat di lochoer teu atjan dietang ongkos ngintoeken. Prijscourant dikintoenh pertioemah. 51

Sajugi ± 100.000 boekoe Tweedelandsch Moderna toelen. Pongasna rata ratana kirang tina satengahna pangas weuteuhan.

TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng
ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mirah padamelan ditanggal sae.

Dina katoengan-katoengan anoe raros sok sering ngadantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganna. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoe mawi kedah dijagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjadi soepados salamina waos sebat berseka, tiasa dijagi koe landong sim koering.

Para Istri djoeroesna koe njonja. Mangga saroeumping.

Hormat noe ngantos-ngantos

TAN HOEN AUW

Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

11

SIK DJOEN KWAN TOEKANG GIGI

Tjhideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toeng kapalaj teh anoe pareiem anoe raros bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeng eta sajaktoesa nambahan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade ditarangkeun, jen kasawat waos oepami teu diteloeng koe ahlina (dokterna) moel tiasa sae, katoengan anoe teu antjoer pisan ngadajikeun kasawat lalendeng poeing, njeri patoangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeng sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moel tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, nganueng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggal.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados berang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroeumpingna

SIK DJOEN KWAN

Sarimbit.

18

Volksalmanak Soenda 1926.

Pangaosna moeng f 0,80 Nganggo almenak dingding.

Dipapaesan koe pirang-pirang potret.

Para djoeragan anoe teu atjan maresen Volksalmanak Soenda taoen 1926, moegi enggal-enggal ngintoenkeun pesenan kilih kaboedjeng seep.

Anoe mesen ti panjoen, nampina VOKLS-ALMANAK oge ti pajoen.

BALE POESTAKA

Weltevreden.

Bedana ngan dina tatana djr. Mangoen lemea make tata basa sa-koemaha biasana oerang wetan, (Asia) ari djoeragan H. E. Badri njokot tadjad ka koelonkeun: satjeplakna Drg. Mangoen oge oeningaen, kawa djiban SS. mere retirade. Tapi teu kernaen; meber leungeun toeloer pok: menta! Lantaran lembek? Lain! Adat wetan kitoe!

Drg. H. E. Badri noe matak teu pangheulana kagak, lantaran sienn? Ieu oge lain! Tjenah teu terang perloe.

Parantos bae soegan semet diu entong kadalon dalon. Panoehoen dina pareboet bener oerang oelah ka koerong koe paribasa titinggal kolot, geuning moerna: "Oeteuk tonggo dina tarang batoer kanjahoan, gadjah depa dina poendoek teu karasa."

Soet Sen.

Kintoenan.

Ka sadaja Djr. djr. noe parantos ngadadarkeun pamendakna tina hal patarosan (pamandangan), sim koering. Sareng hormat.

Estoe teu sangka sangka, sareng teu njana njana, tina hal patarosan sim koering dina Sipatahoenan, bet koe djr. djr. sadaja diempet-emoet leres.

Boektina ana boeroedoel teh djawa ban dijawabna ti jaketna ti tebihna, noe ti koelon, noe ti wetan, ti kaler sareng ti kidoel, sami sami ngadadarkeun pamendakna.

Koe margi eta djiisim koering, oendjoek reboe noehoen bet sami menting keun tina hal eta, hidji tawis beuki njatjas bae Roh Pan Islamisme djr. djr. sadaja memang teu kinten djerona.

Kitoe deui hatoer noehoen ka Djr. Redactie Sip. kerna masihan tempat, kerna moeat hal noe ditjariokeun di loehoer. Bet asana teh ngagoedjroed keun di boeroean batoer.

Moeng handjakal pisan seratan se ratan djr. djr. sadajana teu aja noe sapagos pisan sareng pamendak djiisim koering noe berhoehoeng ka noe ditarokeunana. (Lah aja seah sapagosna Corr.)

Geuning tjek koering: I Naon sabab sababna noe matak Goesti noe Maha Soetji ngadamel oerang hiroep di Doenja?

II. Naon enggoning oerang hiroep di Doenja noe paling penting?

Koe margi eta ajeuna oerang terangkeun bae, noe langkoeng terang sareng et'es, soepaja kaharti koe akal, da moel teu ngagak djr. djr. garoemoedjeng, da enja kitoe teu beunang dipoengkir deui, sapertos di handap ieu:

Patarosan ka I; Naon sabab-sababna noe matak Goesti noe Maha Soetji ngadamel oerang hiroep di Doenja?

Ujawab: Sabab-sababna mah taja lian: SOEPAJA IEU DOENJA DI EUSI KOE OERANG.

Katranganana:

Tjatjakan lamoen Goesti Noe Maha Soetji teu ngadamel oerang hiroep di Doenja, atoch meureun Doenja teh kosong.

Tjontona:

I Samangsa-mangsa oerang njeun koerong manok, soepaja eta koe; roeng dieusi manok, da ari teu boga manok mah atawa teu miharep ngabogaan manok, tara njeun koerong.

II Samangsa mangsa oerang njeun gowok njiroean soepaja eta gowok njiroean dieusi njiroean, da ari teu harep mah ngabogaan njiroean tara njeun gowok.

III Samangsa mangsa oerang meuli wadah mangsi soepaja eta wadah di eusi mangsi da ari teu harep ngabogaan mangsi mah tara meuli wadah mangsi.

Sanes kitoe djoeragan! noe mawi tjek koering mah noe matak Goesti ngadamel oerang hiroep di Doenja teh njeta: SOEPAJA IEU DOENJA DIEUSI OERANG.

(Mangga saha noe teu accoord ngatjoeng!)

Patarosan noe ka II: Naon enggoning oerang hiroep di Doenja noe paling penting?

Djawab: Noe paling penting oerang hiroep di Doenja teu aja deui kadjab: Oerang koedoe HIDENG.

(Boh kaperloean DOENJA. boh kaperloean ACHERAT.)

Katranganana:

I Lamoen moenggoeh di Kiai, sadjan ngadjina pinter, kitabna nepi ka digotugan, dalina lekoh, tapi lamoen teu HIDENG makena atawa ngadjalankeunana, naon pingaranunana? koma deui lamoen beunang dipake

parabot koe . . . mah, benki noeroes-toendjoeng.

II. Lamoen moenggoeh di menak, Boepati oepamana, lamoen teu HIDENG. ngadjalankeunana paparectabanana tangtos moel kapake, boh koe Rajatna boh koe saloehoerunana.

III Lamoen moenggoeh di noe tani atawa di noe dagang, lamoen teu HIDENG prak-prakkanana tani, atawa teu HIDENG djoel beulina tina hal dagang, tangtos manehana bakal nangoeng karoegian.

Aja deuitjonto:

Kitoe deui lamoen moenggoeh di Panghoeloe, apan ngaranana oge Panghoeloe, nja eta hoeloea boeat noengtoen Rajatna tina hal Agama. Tapi lamoe teu HIDENG noengtoenna, sarta teu HIDENG prakprakanana, atawa teu HIDENG njoemponanana, kana maksoed-maksoeda Al-Qoer'an, eta oge naon pingaranunana . . . ?

Beuki terang pisan, jen anoe paling penting teh HIDENG. (Mangga saha noe teu accoord ngatjoeng?) (Henteu! Corr.)

I. Samangsa-mangsa oerang hajang njaho ka Pangeran koedoe HIDENG heula nganjahokeun ka awakna sorangan.

II. Sarta lamoen rek goegoeroe koedoe sing HIDENG milih goeroe noe Moersid.

III. Lamoen waktos geus mandjing Lohor atawa Soet oeh oepamana, oerang koedoe HIDENG netepanana.

IV. Sing HIDENG ngabedakeun noe halal djeung haram.

V. Lamoen rek boga pamadjikan sing HIDENG heula milih pipamadjikan, soepaja di Akhir oelah kadoehoeng, atawa ngadjikeun iemen rag rag talak, a remen Kawin sabab lamoen remen rag-rag tolak a kawin saroea bae djeung ngaroeksa Hindia.

VI Lamoen hajang pinter sing HIDENG neangan kapinteran.

VII Lamoen teu boga dahareun sing HIDENG neangan (barang siar).

VIII Sing HIDENG ngabedakeun beuratna padjeg djeung entong.

IX. Saperti ajeuna di Priangan (Dja wa barat) diaoer hal Raad-raad, eta oge sing HIDENG deui, naha eta ajana Raad teh bakal njoemponan kana kahajangna Rajat a kaentengan Rajat? Tapi kitoe deui koe sabab eta Raad teu meunang henteun koedoe djadina, sarta ajana, koering menta kalawan sanget ka sadaja lid-lid tina eta Raad Kaboeptan oepamana, soepaja HIDENG njariokeun pikeun ka entengan djeung pikeun pangabutoehna Rajat.

XI. Saperti ajeuna oesoem pakoempoelan a pergerakan, andjeun sadaja koedoe HIDENG milih, pergerakan mana noe wadajib ditoeoerkeun, pergerakan mana noe ngandoeng politiek kaperloean Doenja, djeung ngandoeng kaperloean Acherat.

XII. Saperti noe langganan soerat kabir Sipatahoenan oge, oelah ngan oekoer kerna matjana bae, sing HIDENG deuih MAJARNA. Sanes kitoe Djr. Redactie? (Leres! Red.)

Anoe mawi tjek koering mah noe paling penting teh teu aja deui kadjab: HIDENG, pondokna mah seueur deui tjonto-tjonto tangtos koe Djr.-Djr. sadaja kagambar dina manah, boh kaperloean Doenja boh kaperloean Acherat.

Koe margi eta moegi Djr.-Djr. sadaja oelah bendoe sareng oelah ngantos ngantos kana dikintoenan prijsna (franco noe doa bokioe tea), da bongan

Manawi kapajoen oerang ngadamel dani saembara soer Djr. B. S. tea mah.

N. B. Koemaha hideng maling, hideng m penting? Corr.

Wassalam
E. Pr.

Djokja-Postmerk.

Panjamboeng:

Pirang-pirang kereh djawaban ka Djrg. E. Pr. noe teu atjar tiasa dilebetkeun kana Sip. Sanes teu atjar moel dilebetkeun. Sanajan engke tjangtjoeng oge noe njabatkeun teu tjotjog kana pamendakna djrg. E. Pr. koe andjeun, tamada ti ajeuna bae, redactie moel tiasa nampi. Koering sorangan waktja bae, asa heue ngahoekoemanana. Sakapeung mah sok ras kana toeroetjangan boedak: Madjar teh: Toktar, mangandeh!

Koe noe saeorang mani djoengkel-djoempalik mikiranana teh. Ngoendjal dalil, ngoendjal hadia, Sipat doa poeloh digoeroean, koesoe sedjeun mah pohara dianggap gampangna.

Panoehoen, parantos bet bae, semet dieu.

Soet Sen.

Pamandangan „Pasoendan” tina hal voorstel Pamarentah tina bab „Robahan hak milih pikeun Raad - Gemeente.

Kaajaan djaman katjida bedana. Kaajaan djeung kadjadian-kadjadian di nagara oerang, di nagara-nagara sedjen, kaajaanana bangsa oerang, kaajaan anoe diparentah djeung anoe marentah, eta kabeh beda pisan ti katoekang-toekang, nepi ka pikirana djelema oge djadi robah.

Tina hal paparentahan, baheula anoe marentah bisa ngadjalankeun sawenang-wenang, tapi ajeuna henteu bisa. Kitoe deui djelema-djelema, anoe djadi rajat djaman ajeuna mah henteu tjara baheula sagala „soemoehoen” sagala „mangga” bae.

Dina djaman anoe kaajaanana geus rarobah kieu goeroedag bae di tarah oerang medal anggahota-anggahota pamarentahan anjar (matjem baroe), anoe diseboet raad-raad tea, Raad Kaboeptan, Raad Provincie, pikeun nambahan anoe geus aja, nja eta Raad-Gemeente - djeung Raad Rajat (Volksraad).

Keur naon gawena eta raad-raad teh?

Demi gawena nja eta, koe lantaran dina djaman ajeuna lain bae anoe djadi pamarentah, tapi anoe djadi rajat oge ngarasa nangoeng kawadajiban pikeun ngadjaga kana kasalametanana nagara, koe lantaran eta ngarasa perloe pikeun bisa digawe babarengan djeung anoe djadi pamarentah, dina enggoning ngajikeun djeung ngadjalankeun atoeeran-atoeran nagara. Koe djalan digawe babarengan tea Rajat djeung Pamarentah bisa silih pariksa bisi aja anoe salah djeung bisa silih benerkeun.

Soepaja bisa njoemponan kana eta pamaksoedan tangtos pisan eta raad-raad teh koedoe djadi tempat wawakil rajat anoe sabener-benerna. Sagala goongan djelema, sagala kaum (pakoempoelan), anoe ngandoeng maksoed hajang ngahenjeuk nagara sa-beunang-beunang koedoe bisa neundeun wakiina di eta tempat.

Koe sabab eta toedjoean „Pasoendan” dina njeun atoeeran milih wakil, nja eta:

1. Hak milih koedoe oemoem, hartina pikeun sagala djalma. Awewe lalaki meunang milih, beunang dipilih.

2. Eta hak milih oelah diwatesan tjara anoe didjalankeun ajeuna dina milih lid-lid Raad Kaboeptan, Raad Provincie djeung Raad Rajat; bangsa oerang teu bisa milih lid bangsa Walanda atawa bangsa Asing, sabalikna kitoe keneh.

Koe ajana atoeeran hak milih dipisah-pisah (ges-beiden kiezerescorps) kaperajaan bangsa oerang ka bangsa bangsa noe sedjen, babakoena ka bangsa Walanda atawa sabalikna saperti dihalangan. Koemaha baloekarna tangtos koe sarerea oge kaharti ngareung-gangkeun sosobatan.

3. Soepaja anoe djadi Pamarentah bisa digawe babarengan djeung anoe djadi rajat sagemblengna (intensieve samenwerking met het volk) atawa sagala pakoempoelan-pakoempoelan djeung golongan-golongan rajat anoe aja kasebetna-bisa neundeun wakiina di raad, milihna wakil teh koedoe noeroetkeun atoeeran „evenredige verlegenwoordiging” (reana wakil koedoe diaoer noeroetkeun tatandingan reana parte (kaom) anoe milih).

Eta tjita-tjita anoe disanghareupan koe „Pasoendan” sarta anoe koedoe teroes diachtiran sangtan gantjang kadjadian. Pikeun ajeuna lantaran rea deui anoe perloe dipikir saperti kaajaanana bangsa oerang, koemaha kaajaanana Pamarentah sarta mandangna ka bangsa oerang, koemaha kaajaanana bangsa oerang lamoen dibandjikeun djeung bangsa bangsa anoe sedjen, batoer hiroep koemboehna, oerang leuwih hade neangan atawa nembongkeun kahajang heula anoe sakira kira bakal kaanggap koe sarerea bae, anoe bisa kadjadian ajeuna ajeuna.

Aja Samboenganana.

Djoeragan sareng saderek³ oelah kabalokan, moel aja noe birem, moel enja henteu oeninga. ka Paas baroe Tasikmalaja. Pihari bae dina roagan No. 1 Lon letter B. didina aja waroeng GENDONG (bangkian) anoe parantos kasebet kamirahanana sareng marodel barangna mangga oemping saban dinten oge boeka di adjeug³ pisan.

Hoermatna
Mh. SATIBI

HATOER OENINGA!!!

Pindah tempat woengkoel- moeng kapajoeunana bae.

„TOKO-EMPANG”

Stationsweg 30C. Tasikmalaja.

Ngawitan sasih September 1925 parantos pindah ka Gedong toko noe anjar palih koelon ngarendeng sareng Hotel Batavia.

Sadjabina sajadi anoe parantos kabiasaan disajagikeun tea, ajeuna sajadi oge roepi-roepi dassie pandjang, dassie pondok, kerah, kaos kaki, kaos tangan, tali kaos, spoetangan Pantasie, badjoe kaos djala, kamedja², pajjama², topi², Petji prijadi nganggo Kroon Letter W, perak atanapi borduur. Kantjing-kantjing Letter W, perak atanapi nekkel, sajadi noe ageung sareng noe alit, sigaret-sigaret, roepi-roepi pipah sareng bakona kaloearan Europa, wadah kerekan (kajoe api) nekel model kaajeunakeun.

Sareng sanes-sanesna deui kaperloean Djoeragan-djoeragan sareng Toean-toean.

Hoermatna

H. M. DJOEWAENIE

AWAS! OELAH KALIROE.

Kantja-Kantja Awas!

Oesaha Oerang Karangnoenggal

(O. O. K.)

Saban dinten ngadjalankeun doa Autobus:

Ka I. Karangnoenggal—Tasikmalaja, tempatna di Karangnoenggal Omnibus Fiat.

Ka II. Tjibalong—Tasikmalaja, tempatna di Tjibalong Ford.

WAKTOSNA:

Noe ka I	miosna ti Karangnoenggal	tuboeh 7	endjing
	ti Tasikmalaja	2	siang
Noe ka II	ti Tjibalong ngawitan	7	endjing
	ti Tasikmalaja	10	siang.
	Mios deui ti Tjibalong	1	
	Wangsoelna ti Tasikmalaja	4	sonten

Ongkos ditanggél mirah. Mangga tjobian.

Hoermatna

Bestuur O. O. K.

SOEDJAJA

Voorzitter,

Dr. TAN TJOEN HAIJ

ARTS.

Di Kebondjoekot Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina

Djr. Dr. Saleh Marboem.

Ngalandongan sagala roepi panjawat. Marico saban dinten.

Waktosna.

Endjing-endjing 7-9

Sonten 4-5 . . . 41

Here diploma ti Groot Tentoonstel-

ling Tasikmalaja. 1925.

Koek - en Banketbakkerij

Fabriek

RADEN NATAMIHARDJA

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjabi ti sajadi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleutna noe sampoerna-

Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh, sapertes: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, panga os kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajaktoena, dina 1 Liter timbangan pangasos f 2,50 doegi ka f 5—ditanggél sae.

Noe ngantos

Raden Natamihardja.

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

E. SOELEMAN

Baleng Gedeweg No. 5 Bandoeng

Ngooeroes sagala perkawis Civil sareng Crimineel di Landraad. Residentie Gerecht. Raad Agama. Mangdamelkeun rekest sareng memoriën ka Raad van Justitie. Ongkos tiasa badanten.

Nembe Dongkap!

Boekoe-boekoe basa Malajoe,

Kapal Setan	f 2.00
Aladin	1,25
Ali Baba	0,75
Dari hal tanda	2,00
Mazepa	1,10
Roemah Hantoe	1,75
Carmela	2,00

sareng seueur-seueur deui.

Mangga tjaralik ka Toko Boekoe
L. A. LEZER.
Tasikmalaja.